* МАРХА КЪОБАЛДОЙЛА! * МАРХА КЪОБАЛДОЙЛА! * МАРХА КЪОБАЛДОЙЛА! * МАРХА КЪОБАЛДОЙЛА! *




Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

# Исламан зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран июль беттан 4-гIа де
1437-чу шеран Рамадан беттан 29-гIа де
4 июль 2016 год № 13 (366)


***ТIОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТIАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГI ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДIАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГIЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА ТIЕРА ДIА ЦА ДОВЛАХЬ.***

*(Кунта-Хьаьжин хьехам)*

## ТХО МАРХА КЪОБАЛДАН ГIУР ДУ

Дагатуьйсу бераллин шерашкахь мел чIогIа сатуьйсура и марха досту де тIекхачаре! Мархийн бутт кара ма-беъанехь кечйой охьайохкура керла кучамаш, каралаца тIоьрмигаш а кечдора, дерриге а къамелаш марха достучу дийнахь, и къобалдан мила хьаьнца аравер бохуш хуьлура (цхьа дар-дацар хилча «со хьоьца хир вац хьуна къобалдеш» а олуш).

Таханлерачу берийн ойланаш йовза лиира тхуна марха дастарца доьзна.



***Дохтукаев Iела***
***(11 шо)***

Суна даима а хазахета марха досту де. Ас уггаре а хьалха сайн Бабин марха къобалдийр ду. Могаш воцуш, геннахь больницехь ву сан Дада, телефонехула къобалдийр ду ас цуьнан марха.

Сан доттагIий бу Шемиллий, Ахьмаддий. Байсангур сан шича ву.

Оха цхьаьна даздийр ду и де. Цкъа хьалха вовшийн марха къобал а дина, тIаккха лулахошка гIур ду. Цул тIаьхьа со ненахошка гIур ву, Дадина халахетар ду со сихха ца веача.

Сайн деца а, девежаршца а, Курчалойн-Эвла зерате а доьлхуш, дехошка гIур ву.



***Дохтукаева Наима***
***(8 шо)***

Суна уггаре а чIогIа хазахета де ду марха досту де. Сайн Дадин, Бабин марха къобалдинчул тIаьхьа, доттагIашца араер ю со. Мадина а, Фатима а стохка а яра соьца марха къобалдеш.

Ненахошка а яха деза сан, Курчалойн-Эвла а яха еза.



***Заурбекова Зайнаъ***
***(4 шо)***

Со а гIур ю марха къобалдан. Дадас Iамийна суна марха муха къобадан деза: «Марха къобалдойла! Хьегна къа меле яздойла! Юха кхаба а, даста а Дала могаш дуьтийла вай!». Сан ваша Шемал а цхьаьна, мамица ненахошка гIур ду тхо, царна чIогIа хазахета тхо даьхкича.

## НОЧЬ, КОТОРАЯ НАС ОБЪЕДИНЯЕТ...



На площади напротив центральной мечети «Сердце Чечни» имени Ахмат-Хаджи Кадырова стоит длинный ряд столов. Здесь собрались люди из разных уголков республики и не только. Вот мы видим мужчин, женщин, детей и стариков, инвалидов, и людей в спецформах, богатых и бедных – все садятся сегодня за один стол. Инвалид без ног, старик, которому трудно ходить, дети, бегающие между столами и радующиеся этому событию. Это событие – ночь предопределения. Великий праздник, который упомянут Всевышним Аллахом в Священном Коране. В эту ночь снисходят ангелы, которые забирают молитвы верующих и их исполнение гарантировано Всевышним Аллахом.



В честь этой благословенной ночи Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров предоставил возможность совершить ифтар более чем 30 000 людей. Средства на такое благое мероприятие было выделено из Регионального Общественного Фонда им. А-Х. Кадырова, матерью Главы ЧР Аймани Кадыровой.

Приготовив столы с яствами общей длиной около 18 километров, было устроено торжественное чтение нашидов и песен, восхваляющих Пророка Мухаммеда (мир ему). После разговения и вечернего намаза, были прочитаны проповеди об этой священной ночи.

### В ЕДИНСТВЕ И СПЛОЧЕННОСТИ...

Руслан и Рамзан приехали в город Грозный, как и тысячи других верующих, чтобы поучаствовать в празднике, быть рядом со своими братьями, и посмотреть на реликвии Пророка Мухаммеда (мир ему).

Руслан, дагестанец, приехал на заработки в Чеченскую Республику. Рамзан, чеченец, приехал в Грозный из Казахстана, откуда родня его после высылки нашего народа в Казахстан не вернулись. Здесь в Грозном, Рамзан готовит документы, чтобы приехать обратно на родину, уже приобрёл вид на жительство, купил квартиру и надеется скорее вернуться.

Эти двое мужчин, которые имеют совершенно разный сценарий жизни, в эту ночь сидели рядом и делились тем, что было на столе, как двое родных братьев. Это было такого рода единство, что мы втроем сидели более часа, разговаривали друг с другом. Рамзан признался, что очень скучает в Казахстане по своей республике. И это было видно. Он искренне радовался и улыбался. Впрочем, как и все, он ощущал энергию единства и сплоченности мусульманства. После проповедей, все верующие были приглашены в мечеть на выставку реликвий Пророка Мухаммеда (мир ему).

***Сугаипов Сурхо***





**ЭВТАРА.** Кхузахь, юьртан кешнийн кертахь, лахьте бирзина бу эвлаяан Iовдин Iелин да – МитIа, деваша Зома, Iелин нана Муьильмат, Iелин а, Iумаран а кегий болуш дIакхелхина доьзалш. Шайн устазан хьурмат деш, мурдаша зерат доьгIна царна, лерrина терго еш Iалашдеш ду зерат. Бусалба нийн дезчу деношкахь доьзалийн хьурмат деш, кхузахь хуьлу мурдийн тобанаш. Дала зерат къобал дойла церан!


## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

#### Фарз-марханаш декхар

«Шен цамгарна кхин гIоли хилар доцуш тIебогIучу Рамадане ваьллачух каффарат ца хьаьрча. Шена гIоли хилча, марха декхча, кхачо ю цунна...»

### 3-гIа агIо

#### Суннат-марханаш

«Марха кхабар тIехсийлахь Iибадат ду. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «АллахIан новкъахь цхьана дийнахь марха кхаьбнарг милла а велахь а, АллахIа и бахьана долуш, цуьнан юьхь жоьжахатина кхузткъе итт гуьйренна (некъ баллал йолчу ханна) генайоккхуш бен...»

*(Аль-Бухари, Муслим)*

### 4-гIа агIо

#### Бусалба стаг Бувайсар

«Боккхачу доьзалехь кхиъна волу иза, жима волуш дуьйна динца марзо йолуш вара, Iеламнахаца гергарлонаш лелош, шен юьртахошца – жимаатагIошца дикавон доькъуш вара, цхьа а рузбанан ламаз юкъах ца дуьтуш шен юьртарчу динан вежаршца цхьаьна вара иза...»


Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 13 (366)

Исламан зIаьнарш
أشعة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Доьзалехь нислуш ду, божабер хилча, зудабер ца хуьлуш, зудабер хилча, божабер ца хуьлуш. Ткъа вайн амал ю-кх доцург дезаш. Иштта меттиг хилча, Деле шена доьзалхо веха мегий? Воьхуш хилча а, муха веха мегар ду?**

Дала шен Къуръан чохь боху: «Шега кхайкхина, Шега дехначунна жоп луш ву Ша». ДоIийна жоп лур ду аьлла меттигаш ю: фарз-ламаз дIадерзочу хенахь ден доIа, рузбан-дийнахь делкъана дуьйна малхбуза хан хиллалц йолу юкъ, сатаса гергадаханчу заманчохь ши ракаIат суннат-ламаз дина деш долу доIа. Делах теша а тешна, доггах хьаставелла вехча, Дала доьзалхо а лур ву, Дала мукъ лахь. И веха мегар ду.

**Тасбихь дича а, суьлхьанаш хьовзийча а, хилла болу мел дIакхайкхийча, и беллачарна дIакхочий?**

Стаг велча, цуьнан Iамал хедаш ю, амма Дала Элчанан умматана (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) динчу совгIатех ду цуьнан и Iамал хаьддехь а, тIаьхьабисина болчу наха (доттагIий хуьлийла, верасаш хуьлийла, гергарнаш хуьлийла, бевзарш хуьлийла уьш), цуьнан цIарца Къуръан дешна, зуькар дина, сагIа делла, доIанаш дина, и велларг дага а лаьцна, йина йолу Iамал цуьнга дIакхочур ю, цуьнан шеко йоцуш и сецна ду.

Хьовсал, Дела резахиларш, эвлаяэх цхьа стаг хиллера, аьлла ду жайнахь, хиъна Iаш шен хьуьжаран уьйтIахь. Цуьнан бIаьргкхетта берашна юккъехь доьлхучу цхьана берах, деллахь, лазийна-те иза аьлла, тIе а кхайкхина, и бер хьаьстина хилла цо. Хьуна хIун хилла аьлла, хаьттича, беро жоп делла, кесталгIа нана еллера шен, и нана яй-кха шена жоьжахатан Iазапехь, аьлла. Цунах къахетта, оцу эвлаяа ша Iаччохь шен суьлхьанаш тIехь доккха зуькар дина хиллера, кхузткъе итт эзарне кхаччалц. Ойла йина цо оцу меттехь, кIантана хезаш доцуш, ша бина болчу белхан кхузткъе итт эзар зуькарха хилла мел оцу кIентан нанна бели-кх ша (цуьнан цIе а ца хаьа цунна) аьлла, оцу кIентан нанна совгIат дина цо. КIант гуш лаьтташехь хийца а велла, хьала а иккхина, ловза велира, боху. ТIаккха оцу Делан гергарчу стага хаттар дина кIанте юха а: «Ахь динарг хIун ду, жимма хьалха воьлхуш ма вара хьо, ткъа хIинца самукъа даьлла ма ву хьо?». КIанта жоп делла: «ХIун ду хаац, жимма хьалха Iазапехь яйна йолу сан нана хIинца ялсаманин ниIматехь, цуьнан бешахь, шовданашкахь, хазачу бай тIехь Iаш яй-кх суна». Эццахь ши хIума гучуделира вайна, элира оцу эвлаяа (вай махабар олу-кх стаг велча, деш долчу 70 эзар зуькарх, эццера схьаэцна ду иза, бух цигара болуш), жоьжахати чохь велахь а, кхузткъе итт эзарза ла илахIа илл-АллахI бохуш долу зуькаран маха а бина, и маха оцу веллачун мелана белча, жоьжахатех хьалхавоккхуш хилар гучудаьккхи вайна Дала. ХIара шена юххехь волу кIант, элира цо, кошфаллин дакъа долуш, къайленна тIекхуьуш хилар а гучудели вайна. Иштта, эвлаяийн шена тIехь барт сецна а болуш, аимматийн а, Iулмаийн а шена тIехь барт сецна а болуш, эццера схьа ду вайн стаг велча махабар.

Хьовсал, кхочур бара дера-кх вай белла мел дукха чIогIа дIа-м. Вай кешнашка дахча, цхьайтта къулхIа а дешна, вай дешна долу къулхIийн мел оцу кешнийн охIланна вай белча, оцу хIора кешнийн охIлане эзар нур лур ду боху каш чу, уьш мел дукха белахь а, цул сов кхано хьо велча, хьан коша а догIур ду боху и нур. Оццул доккха дика дина вайна Дала, цундела вовшех къахеташ доIа дар, мел балар лойла вайна.

## IАЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Дуьненахь хьуна бала балар хьан дег1ан ницкъ зер дац, хьан Делаца йолу юкъаметтиг зер ду.

Хьайн Далла герга хила хьо, дика мел дерг герга хир ду хьуна.

*Iаьрбийн маттера гочдинарг – Тимералиев Ахьмад*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Маликаша аьлла хан хьахае: «ХIай Марьям, баккъал а, Дала хаьржина хьо, Цо цIанйина хьо, Цо хьо хаьржина массо Iаламан зударел. ХIай Марьям, муьтIахь хила хьайн Далла, суждане а гIо, рукуIе боьлхучаьрца рукуIе а гIо (ламаз дечаьрца ламаз де)».

***(«Алу-Iимран», 42-43)***

Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) нана Марьям Далла Iибадат дечу хенахь жима хилла, шен 15 шо бен доцуш. Дала Джабраил-

дог паргIат а даккха. Хьайна нахах цхьаъ гича, ахь ала: «Ас чIагIо йина Къинхетаме волчунна марха кхаба, тахана адаме йист хир йолуш ма яц со». ТIаккха и яхара цуьнца (Iийсаца) шен нах болчу, (шен карахь) ша и хьош, цара элира: «ХIай Марьям, ма тамашийна хIума деана ахь! ХIай ХIарунан йиша! Хьан да вуон стаг ма ца хилла, хьан нана ма ца хилла харц некъ лелош». Цо ишар йира цунна (Iийсана) тIе. Цара элира: «Тхо муха дистхир ду аганна чохь долчу

долчу берашна цо дуьйцуш хилла, церан наноша царна дIайиллинчу юучу хIуманах лаьцна. ТIаккха жуьгтий кхерабелла, и бер бахьанехь шайгара харцо гучуяларна а, шаьш даржах дохарна а. Къайлах Iийса (Делера салам хуьлда цунна) вен барт бина цара. Дала Марьямана дагатесна, шен кIантаца Иерусалиме дIаяха еза ша, аьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха хилийтира Марьяман кIантах а, цуьнан ненах а делил. Оха и шиъ даха ха-

хир ду цунах, ас дарба дийр ду бIаьрса доцчунна а, барс (проказа) цамгар йолчунна а, белларш а денбийр бу ас, Делан пурбанца, ас дуьйцур ду шуна аша юучух а, аша шайн цIеношкахь дIаюьллуш йолчух а лаьцна. Баккъал а, оцу балхехь билгало ю шуна, шу Делах тешаш делахь».

***(«Али-Iимран», 49)***

И даккхий Iаламаташ, билгалонаш шайн бIаьрга гича а, кIезиг болчу наха бен ийман ца диллина цуьнга. Бакъду, царах дукхахберш шайн кер-

дечарах хила а». Марьяман кIанта Iийсас элира: «ХIай АллахI – тхан Дела, стиглара шун доссадехьа тхуна, дезде хир дара тхуна цунах – тхан хьалхарчарна а, тхан тIаьхьарчарна а хьоьгара билгало а хир яра. Тхуна рицкъа а лохьа, рицкъа лучарах уггаре а диканиг ма ву Хьо». Дала элира: «Ас доссор ду шуна и (даарх дуьззина шун). Цул тIаьхьа шух керсталла диначунна Ас чIогIа Iазап лур ду, Iаламехь Айса цхьанна ца а деллачу кепара».

# IИЙСА-ПАЙХАМАРХ ЛАЬЦНА

## *(Делера салам хуьлда цунна)*

малик (Делера салам хуьлда цунна) дахийтина и йолчу, хаза юьхь-сибат долчу стеган куьцахь. Цо цуьнга кхаъ баьккхина, хьуна цIена кIант вала ваийтина Делан геланча ву ша, аьлла. Джабраил-малико (Делера салам хуьлда цунна) Марьяман кучан чета Iаь тоьхна, цунах бахьана хIоьттина Марьям доьзалхочух хилла (боьрша стаг улло вахана а воцуш).

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Маликаша аьлла хан хьахае: «ХIай Марьям, баккъал а, Дала кхаъ боккху хьоьга Шегара Дашца, шен цIе Масихь йолуш, Марьяман кIант Iийса, ша дуьненахь а, эхартахь а сийдолуш хинверг, ша (Дала) гергабинчарах а хинверг. Нахе вистхир ву иза агана чохь а, гIеметта хIоьттича а (30 шо кхаьчча), дикачу нахах а хир ву иза. Цо (Марьяма) элира: «Сан Дела, муха хир ву сан кIант, сох стаг хьакхавелла а ца хилча?». Цо (Дала) элира: «Иштта Дала кхуллу Шена лууРг. Шена цхьа болх лиъча, Цо олу цуьнга: «Хила!» – тIаккха и хуьлу. Цо цунна (Iийсана) Iамор ду йоза, нийсо а, Товрат а, Инжил а».

***(«Алу-Iимран», 45-48)***

Цул тIаьхьа Вифлеем йолчу агIор дIаяхана и, новкъахь цунна доьзалхочух йолчунна хуьлуш долу лазарш хааделла. ТIаккха иза гIайгIане а йолуш, дакъаделлачу хурманан дитта кIел яхана, цигахь Iийса (Делера салам хуьлда цунна) дуьнен чу а ваьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Иза (Джабраил-малик) цуьнга кхайкхира цуьнан (хурманан дитта) кIелара: «Хьо гIайгIане ма хила, Хьан Дала хьуна бухахь (хин) татол хилийтина. Хьайна тIе ластаде хурманан диттан га, цо егор ю хьуна мадъелла тIеда хурманаш. Ахь яа, мала а мала, хьайн бере?» Цо (Iийсас) элира: «Со Делан лай ву, Цо соьга жайна а делла, Цо сох пайхамар а вина. Цо со беркате а вина, со миччахь велахь. Цо соьга весет дина, ламаз де, закат ло, аьлла, – со дийна мел ву. Сайн нанна дика хила аьлла (весет дина соьга), Цо сох ца вина нахана ницкъбийриг а, дакъазаваьлларг а. Маршо ю суна со дуьнен чу ваьллачу дийнахь, со лийр волчу дийнахь а, со юха денвийр волчу дийнахь а!»

***(«Марьям», 25-33)***

Бакъду, наха къобал ца дина шайна гина Iаламат, цара аганчуьра бер дистхилар бозбуанчаллех ду, аьлла. Оцу заманахь марха кхабарна юкъадогIуш хилла вистцахилар а, яахIума цаяар а.

Цул тIаьхьа Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, АллахI – сан Дела а, шун Дела а ву, Цунна Iибадат де аш. ХIара бу нийса некъ».

***(«Марьям», 36)***

Вифлеем шахьарахь кхуьуш хилла Iийса (Делера салам хуьлда цунна). Ша аган чохь волуш вистхиллачул тIаьхьа, берашна мотт Iемачу хене валлалц вистхилла вац иза. Цул тIаьхьа Дала хьекъал а, говза мотт а белла цунна. Бакъду, цуьнгахь долу делилаш къобал ца дина жуьгташа, бехк боцчу Марьямана тIехь харц цIе а кхоьллина цара.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Цара керсталла дар бахьанехь, цара Марьямана тIехь чIогIа харц цIе кхуллуш аьлла долу дош бахьанехь а (неIалт аьлла царна).

***(«Ан-Нисаъ», 156)***

Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) ворхI шо кхаьчча, цуьнан нанас Iилма Iамадайта дIавелла иза. Дала цунна тамашийна белхаш гойтуш хилла. Шеца ловзуш ийра къайлах йолчу лекхачу меттехь, хьаладолуш шовда долуш».

***(«Аль-Муъминун», 50)***

Iийсан (Делера салам хуьлда цунна) гергарчу хьесапехь 30 шо кхаьчча, Дала цуьнга Инжил а, пайхамаралла а делла. ТIаккха Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Делан пурбанца шен халкъ дине кхайкха волавелла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Царна тIаьххье Марьяман кIант Iийса вахийтира Оха, шел хьалха хилла долу Товрат бакъдеш. Оха цуьнга Инжил делира, шегахь нийса некъ а, нур а долуш, шел хьалха хилла Товрат ша бакъдеш долу, ша нийса некъ а, Делах кхоьруш болчарна хьехам а хилла долу».

***(«Аль-Маидат», 46)***

Дала хIора пайхамарна луш долу Iаламат – оцу заманахь бехачу нехан хьоле а, лазаме а хьаьжжина луш хилла. Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) заманахь бIаьрса доцуш бераш дуьнен чу довлар а, лоьрашка дарба ца далуш йолу барс (проказа) олу цамгар а яьржина хилла. Оцу цамгарна дарба деш хилла Iийсас (Делера салам хуьлда цунна), Делан пурбанца. БIаьрса доцчун юьхьа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан бIаьрса меттах1уттуш хилла, барс цамгар йолчун дегIа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан цамгар дIайолуш хилла. Цул сов, веллачун коша тIе а вахана, цо доIа дича, Делан пурбанца велларг денлуш хилла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(Дала иза) Исраилан доьзалшка элча вина вохуьйтур ву. (Цо эр ду): «Баккъал а, со веана шуьга шун Делера билгалонца, ас поппарх кхуллур ду шуна хьозанан суьртех тераниг, цунна чу 1аь тухур ю ас – Делан пурбанца хьоза сталлехь а, тиларна чохь а чIагIбелла. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) Исраилан доьзалшка вахийтина тIаьххьара пайхамар ву. Цхьана дийнахь хьехам беш, шел тIаьхьа вогIур волчу пайхамаран цIе а, цуьнан куьцаш а дуьйцуш, шен къоме кхаъ баьккхина цо.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Марьяман кIанта Iийсас аьлла хан хьахае: «ХIай Исраилан доьзалш! Баккъал а, со шуна ваийтина Делан Элча ву, сол хьалха хилла Товрат бакъдеш а, Ахьмад (Мухьаммад) цIе йолуш сол тIаьхьа вогIур волчу элчанца кхаъ боккхуш а».

***(«Ас-Софф», 6)***

Шена тIаьхьахIиттинчаьрга кхаа дийнахь марха кхаба, аьлла, омра дина хилла Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна); шийтта стаг хилла уьш. Шаьш марханаш кхаьбна бевлча, цара цуьнга дехар дина, чохь даар долуш шун доссадехьа шайна стиглара, аьлла. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) царна хьехам бина, Дала шуна и ниIмат делча, аш дан маьеззара шукра ца дарна кхоьру ша, аьлла. Цара и дехар ца дитича, ша ламаз дечу метте а вахана, Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле доIа дина, церан дехар кхочушдар доьхуш.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Хьаварийюнаша (Iийсана тIаьхьахIиттина апостолш) аьлла хан хьахае: «ХIай Марьяман кIант Iийса, хьан Делан ницкъ кхочур барий тхуна стиглара шун доссо?». Цо элира: «Делах кхера шу, шаьш ийман диллина делахь». Цара элира: «Тхуна лаьа цу чуьра хIума яа, тхайн дегнаш паргIатдаха а, хьо тхоьга бакълийна хилар тхуна хаа а, оцу тIехь тхо тоьшалла

***(«Аль-Маидат», 112-115)***

ТIаккха Везачу Дала стиглара шун доссийна царна, уьш цуьнга хьоьжуш а болуш. И герга мел хуьлу, Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле доьхуш хилла, Iазап ца доссош къинхетам боссабехьа цуьнца, бохуш. Iийсана (Делера салам хуьлда цунна) хьалхха и сецча, цунна тIе тесна гата дIадаьккхина цо, ша олуш: «БисмиллахIи хойриррозикъийн (рицкъа лучарах уггаре а диканиг Волчу АллахIан цIарца)». Оцу чохь ворхI чIара а, ворхI хьокхам а хилла. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) оцу чуьра даар даа, аьлла, шайга омра дича, цара жоп делла, ахь хьалха диъча бен дуур дац шаьш, аьлла. ТIаккха Iийсас (Делера салам хуьлда цунна) къечаьрга а, балехь болчаьрга а, цомгашчаьрга а омра дина, – цхьа эзар кхо бIе гергга хилла уьш. Цара и даар диъча, цомгаш берш тобелла, балехь берш паргIатбевлла, меца берш буьзна. Дала царна хIора дийнахь доссош хилла и шун, цара массара оцу чуьра даар дууш а хилла. Бакъду, шайна деллачу ниIматана шукра ца дина цара, и бахьанехь дIахадийна царах и дика. ТIаьхьий-хьалхий и даккхий Iаламаташ гучудевлча, жуьгтийн Iеламнах шайгара дарж дIадаларна кхерабелла. Мотт-элалита эцна, оцу заманахь волчу паччахьна тIе бахана уьш, Iийса (Делера салам хуьлда цунна) хьо даржах вохон гIерташ ву, аьлла. ТIаккха оцу паччахьа Iийса (Делера салам хуьлда цунна) схьалаца эскархой бахийтина.

*(Чаккхе хир ю)*

***Магомедов С.***

# ФАРЗ-МАРХАНАШ ДЕКХАР

### ЦОМГУШВЕРГ А, НЕКЪАХО А

Цомгаш хилла я езткъе кхо километр я цул беха болчу некъана аравалар бахьана долуш Рамадан беттан марха дохийначо иза доьккхуш кхобур ду. ТIедогIучу шеран кхачо ю цунна.

Шена тIехь декха дезаш марха а долуш велларг, иза шен лазарх хьалхаваьлла, марха декха йиш йоллушехь, декхаза велларг я кхин гIоли ца хуьлуш велларг хир ву: шен лазарх кхин гIоли ца хуьлуш веллачунна долу марха. Гергарчун пурба а, я веллачун весет а доцуш кхаьбна долу марха мегаш дац. Нагахь веллачунна тIера цхьамма а марха ца кхабахь, хIора мархин цIарах цуьнан ирсах (наследство) цхьа кана ялта каффаратна дIалур ду. Хьолах цуьнан цамгар йолчун хьукма а цхьатерра ду кхузахь.

### ДОЬЗАЛХОЧУХ ЕРГ, БЕР ДАКХОШ ЕРГ

Доьзалхочух йолчо я бер дакхош йолчо марха дохийча, цо иза шена я берана зен кхабар доцург, каффарат (къинойх цIанвалар) тIедужу цунна.

Иштта дохийначу фарз мархина шарIо хIоттийна каффарат – бусалба волу лай хьалхавитар ду, иза вацахь, хаддаза шина баттахь марханаш кхабар ду. Уьш Рамадан бутт тIекхачале декха деза иза. Керла Рамадан тIекхачале марха декхаза висинчух къа хьаьрча. Цул тIаьхьа ша доькхуш долчу хIора мархица ялтин цхьа кана, шен тIера Каффаратна (къинойх цIанваларна) къен-миска нахана лур ю цо. Цхьана саьхьан доьалгIа дакъа ду иза (гергарчу хьесапехь 600 гр.) Дисина долу марха декхаза шо мел дели, хIора мархина цхьа кана ялта совдоккхур ду.

Шен цамгарна кхин гIоли хилар доцуш тIебогIучу Рамадане ваьллачух каффарат ца хьаьрча. Шена гIоли хилча, марха декхча, къа хир дац – марха ца кхаба бахьана долуш велла иза. Амма гIоли хилла, марха декха йиш йоллушехь, тахана-кхана доькхур ду ша бохуш Iашшехь велларг, цуьнан кхабаза дисина долу фарз марханаш цуьнан верасо (гергарчо) кхабар суннат ду. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Шена тIехь (декха дезаш) марха долуш велларг, цунна тIера цуьнан велис (верасо, гергарчо) кхобур ду».

***(Аль-Бухари, Муслим)***

Гергарчун пурбанца гергара воцучо кхаба а мегар ду веллачунна тIехь дисина тIаьхьа дисина хIумма а дацахь, цунна тIера кхечо каффарат даккха мегар ду.

### ГIОРА ДОЦУ ВОККХА СТАГ А, ТОВАЛАРХ ДОГДИЛЛИНА ВОЛУ ЛАЗАРХО А

ДIацайолу цамгар ерг а, шен къаналлина марха кхаба ницкъ боцург а доькхуш марханаш кхаба декхарийлахь вац. Шен лешна дан ницкъ цакхочург цхьа а тIедиллина дац Къинхетаме волчу Дала. Цу шимма хIора мархин цIарах цхьацца кана ялта каффаратна дIалур ду. ГIора доцчу воккхачу стеган хьукма а (бакъо), дIацайолу хиларна кхоьруш дохадо.

Шена зен хиларх ларлуш цо марха дохийча, керла Рамадан бутт тIекхачале доькхуш кхаьбча, ели иза.

Нагахь берана зен хиларна кхоьруш дохийнехь, хIора доькхуш долчу мархица цхьаьна цхьа кана ялта лур ду цо каффаратна.

### ЗУДЧУЬНЦА ЦХЬАЬНА IИЙНА ДОХИЙНАЧУ ФАРЗ-МАРХИНА КАФФАРАТ

Иза хьарам дуй хууш волуш, вицвелла а воцуш я некъахо воцуш волчо зудчуьнца цхьаьна Iийна фарз марха дохийча, иза доькхуш кхаба цуьнан ницкъ ца кхачахь, кхузткъа къен-миска стаг вузор ду цунна тIехь. Кхузткъа кана ялта каффаратна дIадалар ду иза.

Иштта дохийначу шина мархина вай хьахийна долу шиъ каффарат ду беа баттахь хаддаза марханаш кхабар, кхаа мархина кхо каффарат ду. Марха сов мел дели, каффарат а совдолу.

Зудчунна тIехь каффарат дац, шен марха доькхуш кхаьбча, йолу иза.

ШарIо магийна йолу бехказло а йоцуш, фарз-марха дохорах Дала лардойла вай! Даккхийчех къа ду иза.

***Муртазалиев С.***

# ВАЙН ДЕЛАН КЪИНХЕТАМ


Жумин Эсамирзийн кIант
Джумаев ИсмаьIал

I952-чу шарахь, жима шикхо колхоз вовшах а тухуш, цхьа совхоз а еш, хийцамаш хилира Iедалехь. Цу юккъехь, тхо Iаш долу «Тегасшил» колхоз а, лулара «Джанаталап» колхоз а, «Калинин» колхоз а вовшах а тоьхна, цхьа «Калинин» совхоз йира. Цу юккъера «Джанаталап» колхозан цIарах хилла лаьттан аре, лаьмнаш доцуш шера а хиларна, цуьнца цхьаьна дIадийна ялти тIе хи дало аьтто болуш а хиларна, цу шарахь, нохчех а, немцойх механизаторш а болуш белхалой тоарна, цу арахь 4,5 эзар гектар тIе ялта дийра совхозо. Делан къинхетамца, шен-шен хенахь догIанаш дахкарна, цкъа бен хи дилла ца дезаш, гуьйре кхачале, и ялта, юккъехь цхьа а асар-яр юй-те аьлла, цIена, и дерриге кенаш кIенан буьртигех дуьзна-дазделла, и аре бурула-можа мажъеш, хIордан тулгIе санна, гIийла хьоькхучу махо ловза а еш, дIахIоьттира. ХIинца и ялта тIех хилла, кена чохь кIенан буьртигаш малделла, махо охьаэгадале, чудерзо дезаш дара. И хууш долу адам дара ма-хуьллу сиха, ялта хIаллак ца хуьлуьйтуш, цхьана тхов кIела чуэца сихделла, кечам беш. Иштта адам сихделчу хенахь, дагахь а доцчохь хаам кхечира, Караганда областана сехьа йистехь яьлла цIе кху «Калинин» совхозан лаьттан экъан тIе кхочуш ю аьлла. Болх бита йиш йоцу белхалой боцурш, дийнна Казахстанан белхалой, цIе яьллачу дийнахь дуьйна и цIе яйъа орцахбовларх, гIуллакх ца хуьлуш, цIе кху «Калинин» совхозан ялти тIе кхочуш яра. Цу хенахь Казахстанехь хиллачарна, къаьсттина, цу Семипалатинскехь Iийначарна дика хуур ю цигара керча (перекати-поле) коьллаш. Мохо якъийначу цу коьллех цкъа цIе дIатаслахь, тоьпан молханах санна, чIогIа цIе леташ а, цкъа цIе дIатаслахь, шаьш яьгна йовллалц, дIаяйалуш а яц уьш. Ялти тIе хи дилла, цу ялтина арахьахула I,5 метр шуьйра, метр кIорга даьккхина долу татол, цу якъаеллачу, кхарзаеллачу коьллех дуьзна дара. Адам мел маса леларх, гIуллакх ца хуьлуш, и цIе цу татол чуьрчу коьллех дIатасаеллера. ЦIе йолчу меттехь мох хуьлуш хилар вайна хууш ду. Къаьсттина, Казахстанехь. Мохо дуьхьалъеттачу цIаро адамна цIе яйа тIегIуртийла дIаяьккхинера. Йиъ километр йохалла дIалаьцна долу ялтийн аса, (коьллех дуьзна татол ша 6 км. сов деха дара) Делан ницкъаца бен, адаман ницкъаца цу цIерах кIелхьардоккхийла дацара. Нагахь хIинца и ялта дагахь, нохчашка хIоьттина ца Iаш, дийнна цу Аягуз районерчу адаме мацалла хIуттург хилар цIенна гуш дара. ХIунда аьлча, цу гонахара кхечу колхозашкахь а, совхозашкахь а нохчий ца бисинера. Бухара казахийн божарий, кесталгIа чекхбаьллачу тIамо хIаллакбина, лахбина хиларна, ялта дуьйш-дерзо белхалой цатоарна, кху «Калинин» совхозехь санна, ялта дер ца хиллера.

Нохчаша хIинццалц а массо доIанца (ламазан доIанца хIетте) Деле диканиг доьхуш, доIанаш динехь а, хIинца, кху секундехь, Деле орца дехар даггара чIагIдеш, деха дезаш дара. И хууш волу Эсамирзин ИсмаьIал нийсса цу цIарна дуьхьал, Деле орца доьхуш, доIа дан охьахиира. Дехьийсехьий, аьтто агIор тхан да Iабдал-ВахIаб, аьрро агIор ХIабилин Нурди «Амин» ала хиира. Гонахара цIе йойъуш лелачу, Делах тешаш боцчу партийни наха «уггаре а цIе яйъа сихо оьшучу хенахь стенна охьахевшина шу? ХьалагIовтта чехкка! ГIо де цIе йойъуш. Куьйгаш а лаьцна, шу охьаховшарх, Дела орцах веана, Цо цIе яйъаре са-м ца туьйсу аша?», – бохуш, шайн Iеса маьхьарий хьоькхура. Кхо метр бен кхин гена йоцуш, йогучу цу коьллийн алун йовхо юьхьа дуьхьал етташ, юьхь морцуш яцахь а, садаIарна чIогIа новкъарло а еш, йовхо яра. Делахь а, доIа деш волчу ИсмаьIала а, я «Амин» олуш волчу вукху шиммао а цу нехан Iесачу маьхьаршка ла ца доьгIура, я цIеран йовхонах къаьхкина юха а ца велира. ИсмаьIала доIа дина 2-3 минот йолуш, цIеххьана йилбазан мох (вихрь) хьаьвзина, бIаьрго ма-лоццу, генара дуьйна схьа татол чуьра цIе хьалаялале, цу татол чохь нуй хьаькхча санна, схьалаца хIума ца дуьсуш, цIе яьгна яьллачу агIор дIатоьхна, цу минотехь дIаяйра.

ХIинца оцу Iесачу дешнашца маьхьарий хьекхна болу нах, ИсмаьIална тIебаьхкина, гобаьккхина дIа а хIиттина: «Исмеке (ИсмаьIалан лараме цIеяккхар), тхуна гечделахь. Тхуна хьо эвлаяъ вуй ца хаара», – бохуш, гечдар деха дIахIиттира. ИсмаьIална я казахийн а, я оьрсийн а мотт ца хаьара. Цундела ИсмаьIал соьгахьа схьа а вирзина, кхара хIун де боху, аьлла, хаьттира. Ас цу казахаша схьабохучун талмажалла деш, ма-дарра кхетийра ИсмаьIал. «НаьIалт шу Iесачу жIаьлешна. Эхь а ца хетий, эхь а (иштта олуш Iедал дара ИсмаьIалан). И цIе дIаяйъинарг со ву-м ца моьтту шуна? Суна ма хьестало, и цIе дIаяйина волчу шаьш ца тешачу Далла хьастало», – оьгIазе элира ИсмаьIала. ХIинца а кхунна уллора дIахилаза волчу Iабдул-ВахIаба хаьттира ИсмаьIале: «ИсмаьIал, цу айхьа динчу доIийна Дала, хIинца санна, сихха жоп лур ду аьлла, тешна варий хьо?», – аьлла. ИсмаьIал ша, Къуръано хIун боху ца хаахь а, меллаша, тийсалуш Къуръан дешар, дагахь Ясин дешар бен, кхин дешна Iеламстаг вацара. Вай махках дахале хьалха, цIахь I3 шарахь цамгар токхуш, меттахь Iуьллучара схьавалийна ву олура тхан дас Iабдал-ВахIаба. Адамаш Казахстане дIакхаьчча, вагонаш тIера лаьттарчу лай тIе охьадиссийначу минотехь, ИсмаьIала ша-шена доIа дина хиллера: «Кху дуьненан а, эхартан а Да волу Веза-Сийлахь Дела, мел цамгар токхуш со схьавеанехь а, Ахь деллачунна резаволуш хилла со, хIинца а реза а ву. Веза-Сийлахь Дела, сан Iожалла герга елахь, кхидIа сох нахана ларч ца еш, кху дуьненара сихха со дIаэца Ахь. Нагахь сан Iожалла гена елахь, со сайн дегIана дола далуш, меттара гIаттаве Ахь», – аьлла.

Цу цхьана кIирана юккъехь, кхин хьен ца веш (цу I944-чу шеран март баттахь), меттара гIаьттина ИсмаьIал, кхин набарна бен вижна воцуш, нийсса 2I шарахь могаш а лелла, I975-чу шарахь, шен 67 шо кхочуш (ИсмаьIал I898-чу шарахь дуьнентIе ваьлла вара), март баттахь дIакхелхира. Ткъа эццахь Iабдал-ВахIаба шега хаьттинчунна жоп луш, ИсмаьIала элира: «ХIетахь, вай вагонаш тIера охьадиссийначу минотехь ша динчу доIийна Дала шена жоп делчахьана, шен доIийна Дала жоп лур ду аьлла, чIогIа тешна вара со. Цул тIаьхьа, цкъа а кегий хIуманаш доьхуш, ас Деле доIа дина а дац, я хIинца а дан дагахь а вац. Бакъду, хIинца хIара санна долчу халкъан юкъарчу, доккхачу хIуманна Дала сайна доIийна жоп лур ду аьлла, чIогIа тешна вара со».

***Чанчаев Шамсудди***

# СУННАТ-МАРХАНАШ

Суннат Iамал яр, фарз кхочушдар санна, даза ца долуш тIедиллина дацахь а, Далла гергавуьгуш долу Iибадат ду.

Марха кхабар тIехсийлахь Iибадат ду. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «АллахIан новкъахь цхьана дийнахь марха кхаьбнарг милла а велахь а, АллахIа и бахьана долуш, цуьнан юьхь жоьжахатина кхузткъе итт гуьйренна (некъ баллал йолчу ханна) генайоккхуш бен».

***(Аль-Бухари, Муслим)***

Суннат-марханаш шарIе далоран маьIна лай Iибадат дарехь а, Далла герга хиларехь а соввалар ду. Цхьа Iибадат ма дац, лай шен Кхиош-Кхобучун гергавуьгуш бен. Дала ма аьлла, Веза-Сийлахь ву иза: «Сан лай суннаташца Суна гергавогIучуьра соцур ма вац, Суна ша дукхавеззалц…».

***(Бухарийс гучудаьккхина къудси хьадис)***

Цхьа а шеко яц Лекха волчу Далла Шен лай везар, иза Далла гергахилар, лай Iосаллина генавоккхуш, муьтIахь хиларна а, дика Iамалш ярна а гергавуьгуш болу болх хиларан. Иштта хуьлуш ду динехь нисвалар, шен дахар, дуьне, эхарт тодар.

**СУННАТ-МАРХАНЕХ УГГАРЕ МЕЛЕХЬ ДЕРШ:**

1) Iарафат дийнан марха

Иза Зуль-Хьиджа беттан уьссалгIа де ду. Хьаьж дихкина воцучун ду иза кхабар суннат. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), шега Iарафат дийнан марханах дерг хаьттича, аьлла: «ДIадаханчу шеран а, тIедогIучун а каффарат (къинойх цIанвеш) ду иза».

***(Муслим)***

Iарафат де денойх уггаре а сийлахь дерг ду. Делан салам хиларо аьлла: «Дала Iарафат дийнахьчул дукха леш жоьжахатах кIелхьарбохуш кхин цхьа а де дац».

***(Муслим)***

Амма хьаьж дихкина волчунна суннат дац Iарафат дийнахь марха кхабар. Делан салам хиларо ца кхаьбна иза ша хьаьж дихкина волуш.

**2) IАШУРА, ТАСУIА ШИНА ДИЙНАН МАРХА**

Мухьхьарам беттан уьтталгIий, уьссалгIий денош ду уьш. Бухарис а, Муслима а гучудаьккхинчу хьадисехь: «Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) Iашура дийнахь марха кхаьбна, иза кхабарца омра а дина», – аьлла ду.

Шега Iашура дийнан марханах дерг хаьттича, Делан салам хиларо: «ДIадаханчу шеран каффарат (къинойх цIанвеш) ду иза», – аьлла.

***(Муслим)***

Иштта Делан салам хиларо: «Со тIедогIучу шаре валахь, уьссалгIачу дийнахь а марха кхобур ма ду ас», – аьлла.

***(Муслим)***

УьссалгIачу дийнахь марха кхабаран маьIна жуьгтех дIацатарвалар ду – уьш бу Iашура (уьтталгIчу дийнахь марха) кхобуш. Цундела мелехь ду уьтталгIачуьнца цхьаьна уьссалгIаниг ца кхаьбначо цхьайтталгIаниг кхабар.

**3) ОРШОТАН А, ЕАРИН А МАРХАНАШ**

ХIокху шина дийнахь марха кхабар мелехь хилар Iайшата (Дела реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь гучудолу. Цо аьлла: «Делан Элча (Далла тIе къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) оршотан а, еарин а дийнахь марха кхобуш хилла».

***(Ат-Тирмизи)***

Делан салам хиларо аьлла а ду: «Еарин а, оршотан а дийнахь Iамалш (Далла тIе) дIахьуш ю, ткъа суна сайн Iамал, сайн марха а долуш дIаяхьар деза».

***(Ат-Тирмизи)***

**4) ХIОРА БЕТТАН КХО МАРХА**

Сийлахь дерг уьш сирлачу буьйсанийн денош хилар ду. Уьш беттан (лунный) календараца лерича, беттан кхойтталгIий, дейтталгIий, пхийтталгIий денош ду. Царах сирла денош олу, оцу денойн буьйсанаш беттан серлонца серлаяьхна хуьлу.

ХIокху вай хьахийначу деношкахь марха кхабар мелехь хилар гойту Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хьадисаша. Цо аьлла: «ХIора баттахь кхаа дийнахь марха кхабар – бIе шарахь марханаш кхабар санна ду».

***(Муслим)***

ХIора баттахь кхо марха кхаьбча, хIора мархина Дала уьттазза ял совъяьккхича, уьш ткъе итт марха хуьлу. И болх хIора баттахь беш верг даима марха кхобучух тера ву бохург ду цуьнан маьIна.

Абу-ХIурайрата аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «Сан доттагIчо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) кхаа хIуманца весет дина соьга: хIора баттахь кхо марха кхабарца а, ши ракаIат дуьхьа-ламаз дарца а, дIавижале витр-ламаз дарца а».

***(Аль-Бухарий, Муслим)***

Иштта, Делан салам хиларо аьлла: «Хьо беттан кхо марха кхобуш велахь, кхойтталгIаниг, дейтталгIаниг, пхийтталгIаниг кхаба».

***(Ат-Тимизий)***

Бакъду, Зуль-Хьиджа беттан кхойтталгIачу дийнахь марха кхаба мегар дац, цунах дерг вай «Марха кхабар хьарам долу денош» бохучу декъехь хьахор ду, Дала мукъ лахь.

**5) ШАВВАЛЬ БЕТТАН ЯЛХ МАРХА**

ХIара марханаш, Iийдан цхьа де дIадаьлча, долийна, хаддаза кхаьбча гIоле ду, амма бехкам бина дац, Шавваль беттан бохалла кхаьбча а суннат кхочушхуьлу.

ХIара марханаш мелехь хилар гойтуш ду Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) бакъдолу хьадис, цо аьлла: «Рамадан бутт кхаьбна, тIаккха цунна тIаьххье Шавваль беттан ялх марха кхаьбнарг, бIе шарахь марханаш кхаьбначух ву».

***(Муслим)***

Кхуьнан маьIна а лакхахь вай дийцинчух терра ду. Беттан (лунный) календарца лерича, шара чохь, масала, кхо бIе шовзткъе пхийтта де ду. Рамадан беттан марханаш ткъе итт я ткъе исс хила йиш ю. Лекха волчу Дала: «Цхьа дика диначунна – Дала уьттаза дика до», – аьлла.

***(Аль-АнIам сурат, I60-гIа аят)***

Уьш уьттазза совдаьккхича, кхо бIе хуьлу, тIаккха шо дуза шовзткъе пхийтта де ца тоьа, Шавваль беттан ялх марха кхаьбча, уьш уьттаза совдаьхча, шо хьаладузу. ХIора шарахь ткъе ялхитта (Рамаданан ткъе итт а, Шаввалан ялх а) марха кхобуш верг бIе шарахь (дерриге а шен дахарехь) марханаш кхобучух тера хуьлу.

**СУННАТ-МАРХА ДОХОР**

Суннат-марха дохийча, къа хир дац. Делан Салам хиларо аьлла: «Суннат-марха кхобуш верг ша шен омранча ву, шена лаахь, кхобур ду цо, шена лаахь, дохор ду».

***(Аль-Хьаким)***

Амма фарз-марха, иза доьккхуш кхобуш делахь а, шарIо магийначех бехказло яцахь, дохо мегаш дац.

Суннат-марха, нийят деш, фарз-марха санна билгал ца даьккхича а мега, ас нийят ди суннат-марха кхаба аьлча а кхачо ю. Суннат мархина нийят буса де аьлла бехкам бина а дац, сатесначул тIаьхьа хIума йиъна ца хилчахьана, делкъале дича а марха хуьлу.

Цуьнан далил (тоьшалла), Делан салам хиларо Iайшате (Дела реза хуьлда цунна) аьлларг ду. Цо аьлла: «Яа хIумма а юй шуьгахь?». Iайшата: «Яц», – аьлла. Цо аьлла (Делера салам хуьлда цунна): «ТIаккха ас марха кхобу».

***(Ад-ДаркъутIни)***

И къамел а, Делан салам хиларо дина долу мархин нийят а сатесначул тIаьхьа, дийнахь хилла бохург ду кхузахь лууш дерг.

***Муртазаев С.***

# МУХЬАММАД МАККАРА ДIАВАХАР

*(Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна)*

Бухабиснарш кIеззиг бара,
Цаьрца вара сийлахь Элча.
Абу-Бакр Сиддикъ вара,
Турпал-Iела, церан гIоьнча.

Цунах чIогIа кхерам хилла,
Холчахь бара ца тешаш берш.
Дагчу туьйсуш царна хIилла,
Иблис дара царна гIодеш.

Царна юккъехь Дажал гIаьтти,
Абу-ЖахIил шен цIе йолуш.
Цо шен нахе орца даьккхи,
Дагчу лаьцна зулам долуш.

Церан цигахь барт хилира,
Зулам даржо тIелецира.
Абу-ЖахIил вистхилира,
Цо цу нахе дIаэлира:

«Цамгар кхетта дитт бух тIера
Хадийна дIадоккхуш хуьлу.
Абу-ТIалиб «вац» вай кхера,
Элча ларвеш хилла волу.

Цунна тIаьхьахIиттинарш а,
Мединате дIакхелхина.
Вай Iазап луш хьийзийнарш а,
Цаьрца цхьаьна дIабахана.

Шайгара ницкъ алсам хеттал,
Иблисо уьш Iехийнера.
Цатешаш берш вовшахкхетта,
Мухьаммад вен гIоьртинера.

Мухьаммадна тIе куьг кховдо,
Зуламан дай хаьржинера.
Делан Элча ларвеш волчо,
Цхьанне а шеко ца йитира.

МостагIийн хилла барт цигахь,
Делан Элчанна хиира.
Шеца хIижрат дан кечлолахь,
Абу-Бакре цо элира.

Мединате гIур ду аьлча,
Цунна хаза и хийтира.
Шеца цхьаьна хиларх Элча,
Воккхавийна ца волура.

Элчанна шаьш кIело йина,
Зуламхой Iаш бара тийна.
Элчанна наб кхетийтина,
Иза вен барт шайлахь бина.

Жабраил-Малика деъна,
Элчане хаам бинера.
Дан дезаш дерг цунна хьехна,
Къайлададьлла и хиллера.

ТIаккха Элчано дийцира,
Иза дийцаза ца ваьлла.
Турпал-Iеле омра дира,
Шен метта дIавижа аьлла.

Турпал-Iела мотт биллина,
Элчан метта дIавижира.
Мухьаммад ву ша моттийта,
Шен дегI махийна диллира.

Делан Элча араваьлча,
КIело йинарш дIатийнера.
Гуш вацара царна Элча,
Набарш кхетта уьш хиллера.

Тийна буьйса арахь йолуш,
Кхаа декъе буьйса яхча,
Карахь даьхна тарраш долуш,
МостагIий шаьш чоьхьабевлча…

Гира царна Турпал-Iела,
Мухьаммадан меттахь вижна.
Оцу суьртах шаьш цецбевлла,
ЧIогIа холча уьш хIиттира.

ЧIогIа боьхна шаьш хиларна,
Турпал-Iелина зен ца деш,
Сихха дIаса уьш хьаьвдира,
Цигахь севцца, кхин хьем ца беш.

Циггахь цара дIакхайкхийра,
Мухьаммад схьалаьцначунна
Доккха совгIат билгалдира.
СовгIат даккха уьш гIоьртира.

СовгIат даккха, герзаш эцна,
Цатешаш берш дIахьаьлхира.
Совр бохучу лома кхаьччa,
Элча лаха уьш хIиттира.

***Пашаев Нурди***

№ 13 (366)
Исламан зІаьнарш
أشعّة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.

# БУСАЛБА СТАГ БУВАЙСАР

## (Газетаца йолу зІе хадийна яц цо хІинца а...)



Еарин деношкахь арадолуш долу газет схьадохьуш вогІу Бувайсар даима а векхалой, велалой кхочура. И гучувалале хаьара тхуна цо тхайга хІун дуьйцур ду а, кисанара хьаладохучу кехатан цуьргаш тІехь яздина хІун хир ду а.

Тхуна хетарг харц ца дан санна, дийца а волалора Бувайсар.

Цо дуьйцура, газет каракхаьчча, дешархойн мел самукъадолу а, цара кху газетах аьлларг а, шена цунах мел юьхькІам хилира а, рогІерчу лоьмарехь дешархошна хІун хаа лаьа а. Газетан агІонаш тІехь тайп-тайпана йолчу рубрикашна юкъахь «Дика гІуллакхаш», «Масалш», «АллахІан новкъахь» цІерш йолу рубрикаш хиларе терра, газетдешархоша дуьйцура Бувайсаре шайна зеделлачух, шайна девзачу дикачу адамех, церан хазачу гІиллакхех.

Бувайсара кехатан цуьргаш тІе дІаяздора шега дийцинарг, редакце схьавеача, и нах шена бевзаш, шена диканаш дина болуш санна, кхаъ хуьлий, дуьйцура. РогІерчу лоьмаре царех лаьцна яздан лаьара шена олий, царах болу хаамаш схьа а луш.

Шен гІиллакхаш хаза долчу, ламаз-мархица волчу Бувайсарна кхаъ хуьлура и амалш хьаьнггахь карийча а. Тахана а, ша балхара цІахь сецна воллушехь, синтем боцуш лардо цо газет арадолу де, ша и дешна хилар а хоуьйту.

Боккхачу доьзалехь кхиъна волу иза, жима волуш дуьйна динца марзо йолуш вара, Іеламнахаца гергарлонаш лелош, шен юьртахошца – жимаатагІошца дика-вон доькъуш вара, цхьа а рузбанан ламаз юкъах ца дуьтуш шен юьртарчу динан вежаршца цхьаьна вара иза. Эвтарарчу Іовдин а, Іелин а вирдехь волчу цо шен ницкъ кхочуш юкъах ца юьтура зуькаре кхайкхина меттиг, шен юьртахь а, кхечу ярташкахь а.

Ша бусалба газетехь болх беш хилар дозалла лорура цо, хІора арайолуш йолу лоьмар цара яздина дацахь а, дуккха а яртийн рузбанан маьждигашка, хьуьжаршка кхачайора, цу тІехь йолу материалаш резахиларца йовзуьйтура ша кхаьчначу меттехь, газетан балхах лаьцна цара шега аьлла хІора хаза дош йоккха мехалла йолуш лорура цо, боккха кхаъ хеташ, редакцехь дийцаре дора и дерриге а. Ма-дарра аьлча, Бувайсара воккхаверца бора газетехь болх, вуьшта аьлча, редакцин а, махкарчу бусалба нехан а юкъаметтиг денйина латтош верг Бувайсар вара, и газет Дала, дукхахдолчу декъана, шен дуьхьа кхоьллича санна хеташ а вара иза…

…Амма зама дІайоьдуш ю, олуш ма-хиллара, шен берг етташ.. Пенсе воьду хан тІекхочуш, цІеххьана цамгаро лецира Бувайсар, цул тІаьхьа цІахь саца а дийзира.. Амма хІинца а редакцин коллективан декъашхо волуш санна, редакцица уллера гергарло латтадо цо, газетан хІора лоьмарех пайдаоьцу.

***Петирова ПетІамат***

*Малхбален дийцарш*

## ДоттагІий

Вехаш-Іаш хилла ши лулахо. Ло а дохьуш, Іа деана. Цхьа лулахо бел а эцна, ло дІадаккха араваьлла. Лулахо хІун деш ву те аьлла, цуьнан кетІа бІаьрг тоьхна цо. Ша дукха Іуьйре араваьлла хеташ волчу цунна шен лулахочун цІен тІе боьду некъ цІена карийна.

ШолгІачу Іуьйрана кхин а хьалхе араваьлла иза, амма лулахочун керта боьду некъ цІена хилла. Изза сурт хилла кхоалгІачу Іуьйрана а.

Цу дийнахь шаьшшиъ дуьхь-дуьхьал кхетча, хаьттина лулахочо:

– Со мел Іуьйре аравалархь, хьан цІен тІе боьду некъ ло доцуш, цІена хуьлу-кх. Хьо маца ларaво и дІадаккха?

Цкъа цецваьлла шолгІа лулахо, юха велавелла:

– Ас-м ца доккху и цкъа а дІа, доттагІий лела-кх со волчу даим а, цара датош хир ду-кх и.

***Гочдинарг – Петирова ПетІамат***

## БІе къаночун – бІе хьехам

Лараме газетдешархой! Оха кхидІа хьо «БІе къаночун - бІе хьехам» цІе йолу рубрика. Вайн къаной шайгахь хьекъал долуш а, шайх эца масал долуш а бу. Цара дуьйцуш шайна хезнарг, шаьш ойлане даьхнарг, дахарехь шайна пайде хир долу хІума аша яздина, схьадаийтича, оха зорбане доккхур ду. Цунах тхуна а, вайн газетдешархошна а боккха кхаъ хир бу. Язде тхоьга! Йовзийта вайн къоман гІиллакхийн хазна «Исламан зІаьнаршна» а, вайн дешархошна а!

Йозанаш схьатаса аьтто бу тхан интернет-почтин адрес тІе:
**zori_islama@mail.ru**

Купля-продажа золота согласно нормам шариата
ISLAM-LOMBARD БЕЗ ПРОЦЕНТОВ
тел. 8-963-703-90-93; 8-938-016-12-24
I.6. Покупатель «Ислам-Ломбард» несет ответственность за приобретенное изделие и гарантирует продать только тому продавцу с кем был первоначально заключен договор, с учетом сроков указанных в договоре.
I.9. Цена продажи изделия устанавливается Покупателем и Продавцом до заключения договора, в случае обоюдного согласия сторонами, заключается договор.

# «ИМАН» – ОРГАНИЗАЦИЯ БОГОУГОДНЫХ ДЕЛ



Сегодня чеченское общество представляет собой современных людей: трудолюбивых и предприимчивых, набожных и достойных. И такая часть из них, как молодежь, требует особого внимания. За воспитание подрастающего поколения активно взялись множество организаций, не считая самих родителей и учителей. Перечислять все организации не имеет смысла. Мы же затронем в сегодняшней статье лишь ту организацию, которая давно и активно фигурирует на многих площадках нашей республики. Название этой организации – «Иман». Она занимается пропагандой здорового образа жизни, следованию нормам шариата в одежде, воспитанию и привитию правильных качеств чеченским девушкам. Данная организация, деятельность которой направлена на женскую аудиторию, призвана сберечь завтрашних матерей, а значит, и наше будущее.

Более пяти лет назад у студентки ЧГУ Иман Мужедовой с несколькими своими сверстницами возникла идея открыть эту организацию. Впоследствии, исходя из активной работы ее состава, она получила и государственную поддержку, что позволило еще больше развить ее деятельность. Теперь она состоит из 46 девушек основного состава. В последнее время организация «Иман» набирает популярность. Сам Глава ЧР Рамзан Кадыров уделяет огромное внимание деятельности данной организации. Работа «Иман» не представляется сложной, но это огромной важности дело. О целях и задачах организации рассказала нам в ходе беседы ее руководитель

– Иман, как у тебя возникла идея открыть эту организацию?

– Говорить, что это была чисто моя идея, я не стану. У нас на момент открытия организации было мало девушек, которые стремились соблюдать заповеди Ислама относительно одежды. И мы объединились и решили, что необходимо создать такое общество, которое будет распространять и пропагандировать хиджаб. На одной из встреч с Главой Республики Рамзаном Кадыровым была озвучена такая идея. Мы получили поддержку с его стороны и дальше наша работа началась. Мы стали пропагандировать и распространять ценности ношения хиджаба.

– В чем заключается работа вашей организации?

– Основной целью нашей организации является духовно-нравственное воспитание подрастающего поколения. Мы ставим перед собой определенные задачи. Это, в первую очередь, пропаганда соответствующего внешнего вида девушки-мусульманки. Также гативных факторов в чеченском обществе, в числе которых и употребление психотропных веществ, терроризм и экстремизм и т.д. Определенного строгого графика у нас нет. Все зависит от обстоятельств. Выходных тоже у нас нет. Можно сказать, мы активно принимаем участие в общественной жизни республики.

– Менялся ли коллектив организации с момента ее создания?

– С момента возникновения организации количество людей в ее коллективе менялось неоднократно. Мы наблюдали время, когда в составе организации было более ста участниц. В прошлом же году было около 30 человек. Сейчас мы уже перешли к понятию, что главнее не количество, а качество.

– Как вы распределяете работу?

– У нас каждая группа распределена по своим районам. Кто-то на местах своей работы занимается деятельностью организации, кто-то там, где учится. Также есть группы, которые работают в районах. Хочу отметить, что мы активно ведем и информационную работу. У нас есть свой сайт, есть страница в Инстаграм и ВК.

– Какие перспективы ожидают девушку, которая вступает в вашу организацию?

– Об этом можно говорить много. Если есть определенная девушка, которая хочет вступить в организацию, мы бы пригласили ее, она увидела бы, чем мы занимаемся. Перспектива в том, что она, в первую очередь, узнает побольше о своей религии, научится чтению Священного Корана и т.д. Просто существует такой стереотип относительно хиджаба, что девушка, которая надела хиджаб, всегда должна быть серьезной, не общаться, не улыбаться и т.п. Даже бывают случаи, что некоторые сторонятся и боятся таких девушек. Независимо от того, как поменялся у нее стиль в одежде, девушка может развиваться, учиться, радоваться, быть общительной, принимать активное участие в общественно-политической жизни, приносить пользу обществу. Она не только не ущемлена в своих правах, а наоборот, она нужна и ее поддержка необходима, она сама будет получать удовольствие от того, чем занимается и будет рада носить ту одежду, которую определил для нее Всевышний Аллах. Вот такие идеи мы продвигаем и хотим распространить.

– Спасибо, Иман, за то что нашли время ответить на наши вопросы. Желаем вам дальнейших успехов и удачи в вашей богоугодной деятельности.

***Сурхо Сугаипов***

СЕТЬ ИСЛАМСКИХ МАГАЗИНОВ
Свет Ислама
центр исламской продукции
Большой выбор мужской мусульманской одежды, пошив на заказ исламских костюмов, а также другие исламские товары
Литература • Одежда
Картинки • Сувениры
тел. 8-928-735-48-55 Тимур
8-928-949-51-42 Зарема
г. Грозный, ул.Трошева
г. Урус-Мартан, ул.А-Гучигова
г. Шали, торговый дом «Лейла»
с. Алхан-Юрт, Башлам
РТЦ «Беркат» маг. 14-15
(новый исламский ряд за мечетью)

## Объявление

Редакции газеты **«Исламан зІаьнарш»** (Зори Ислама) требуется менеджер по реализации печатной продукции. Оплата труда сдельно-премиальная. Обращаться по адресу: **улица имени Маяковского, 92, Дом Печати, 7-й этаж.** Телефон для справок: **8-928-088-085-50.**

## ДІахьош ду«Исламан зІаьнаршка» яздалар!

**Ткъе пхиъ шо ду «Исламан зІаьнарш» цІе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гІиллакхаш, ламасташ…**

**Иштта, газетан агІонаш тІехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гІиллакхаш а, церан дика масалш а…**

**Вайх хІоранна а таро ю «Исламан зІаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…**

**Язде «Исламан зІаьнаршка», язло «Исламан зІаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бІе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхІ бІе ткъа сом, (720 сом)…**

"Исламан зІаьнарш" газетан тобано халахетарца кадам бо министерствон белхало Гайрабекова Бирлант кхалхарца доьзна цуьнан гергарчаьрга, халахетаран дакъа мел долчуьнга.

Бакъдолуш, Бирлант дика стаг яра, дог-ойла цІена йолуш, оьшучохь массарна а гІо-накъосталла дан кийча, даима елаелла-екхаелла, массарна ша езийта хууш.

Дала гечдойла цунна! Шен эхартан хІусамах Дала йоккхаейойла иза! Дала Шен ца духу долчу собарца ийман лойла халахетаран дакъа мел кхаьчначунна!

***"Исламан зІаьнарийн" тобанан цІарах Заурбеков МасІуд***

**Лараме газетдешархой, дІахьош ду «Исламан зІаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зІаьнарш
أشعّة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасІуд
Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014,
Соьлжа-ГІала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 364014,
Соьлжа-ГІала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-8711-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина шуьйрачу коммуникацийн, культурни тІаьхье Іалашъяран декъехь законаш лардар тІехь тергам латторан НР йолчу Федеральни службо 2015-чу шеран 1-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Іелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 2.07.2016 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 2.07.2016 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГІала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ